

ДАНДЕЛЪИ

**Аскарияял, нухал, кьоял ва ЕГЭ**

стр. 2

СПОРТ

**БолъихIе сапарал-дасан**



Стр. 4


# ЛЪАРАТIА

ЛъаратIа районалъул газета

№ 5 * март 2014 с. Газета биччала моцIида жаниб кIиго нухалъ. Багьа 10 гъ.


ГАРА-ЧIВАРИ

## Ражаб Ражабов: «Дун хIадур вуго рагьун кIалъазе»

*Райадминистрациялъул бетIерасулгун гара-чIвари*

**— Ражаб ХIажиевич, гьале цо лъагIелгIанасеб заман буго районалъул администрациялъул бетIерлъун мун таралдаса нахъе. Гьеб заманалда жаниб кинал хIалтIаби дудасан гьарун бажарарал? Разияв вугищ мун дурго хIалтIудаса ва кинаб къимат дуцаго дуе кьолеб?**

— ТIоцебе абизе ккола нилъер районалда гIумру гьабулеб буго лъикIал гIадамаз. Цоги районазда данде ккун гIодобиччараб, ахIи-хIур дагьаб ва хIалтIи гьабиялъе кинабниги квал-квал гьечIеб район буго гьаб. ГIадамал кидаго балагьун чIола цIи хIалтIи вачIарав чияс кин хIалтIи гьабизе бугеб ва гьесие жидерго къимат кьезе гIедегIула. Гьалеха, дуца абухъего цо сон гIанасеб заман ана дун хIалтIуде вачIун, руго гьаруралги, гьаризе ракIалда ругели батIи-батIияв хIалтIаби. ХIалтIуде вачIараб къоялдасаго нахъе байбихьанакIваркьун хал гьабизе кинал хIалтIаби тIоцебесеб иргаялда гьаризе кколел нилъер район цебетIеялъе гIоло. ГIадлу букIине ккола тIоцебесеб иргаялда гьабулеб хIалтIулъ, гьеб гьечIони данде кколаро. МагIарухъги хъутаналдаги гьаризе ккарал ишал хIисабалде росана, гIуцIана проект район цебе тIеялъе (проект социального развития района на 2014-2018гг.) ва гьелда рекъон хIалтIулел руго. Масала дун хIалтIуде вачIараб мехалъ рукIана цо-цо гьарун лъугIичIел хIалтIаби: Бан лъугIичIеб школа-интернат, поликлиника. Гьел лъугIизаруна. Ясли-ахалъул тIоцебесеб этаж ремонтги гьабун жанире лъимал риччана, балеб буго цоги ясли-ах, гьединго ЧIилда росулъ рагьана ясли-ах ва.гь.ц. Дица гьабураб хIалтIуе дицаго кинха къимат кьелеб, халкъалъ кье абеха. Гьедин абуни битIараб букIинин ккола.

**— Нилъер республикаялъул нухмалъулев Рамазан ХIажимурадовичас лъуна цIияв масъалаби районазул нухмалъулезда цере. Аслияб масъалалъун гьабуна районаз жалго жидецаго хьихьи, ай жанисел налогалги цIикIинари. Кинаб процент налогазул бугеб гьаб сагIат? КигIан ва сундалъун гьел доходал цIикIинаризе ругел?**

— ХIисаб гьабун, араб соналъ бакIаризе кколаан 12 645 800 гъуруш, бакIарана 18 548 000 руб. Ай 148%. ЦIакъго дагьаб буго процент налогал ракIариялъул рахъалъ: предпринимателаздаса ва бизнесчагIаздаса бакIарулеб налог - 72,9%, ракьул налог - 70%, буголъиялъулаб налог (имущественный) - 39,9%. Руго цIакъго дагьал гурони налогал кьоларел росаби: Кутлаб, Колоб ва Хьиндахъ. Нижеца цIикIун кIвар кьезе буго гьел налогал ракIариялъул, гьелда бараб буго



нилъер районалъул цебетIей. Хасаб кIвар кьезе буго предпринимателазухъа налогал ракIариялъул. Администрациялъухъе ругел баяназда рекъон, гьел бизнесчагIазул цоцоял руго налогазул идараялда хъвай-хъвагIай гьабичIого хIалтIулел. Руго гьенир цереккун рукIарал, нижеца тIадчIун налогал тIалаб гьаризе байбихьараб-го жал къан ругилан налогазул идараялдаса хъвай-хъвагIайги хвезабун жеги хIалтIулелги, налогал кьезе бокьичIого. Гьезде аслияб кIвар кьезе буго, законалда рекъон хIалтIизе ккола щивав чи.

**— Гьале ахираб чамалиго соналъ районалъул гIемерисел гIадамазе, хасго тIомуразе, кьаналазе ва лъебелазе захIматаб суал буго токалъул суал. Цо гьитIинабго гьава-бакъалъул хиса-баси ккани тIагIуна ток, больницаяздаги, школаздаги кисакибего. БукIуна цо-цо мехалъ къаси сагIат анцIила кIиго тIубаралдаса къала ток. Гьеб рахъалъ ругищ гьаризе хIалтIаби? Щиб гьабизе кколеб ток тIагIинчIого чIезабизе?**

— Гьеб суал нилъер тIолабго районалъе цIакъго захIматаб буго гьал ахирал соназда хасго. Гьелда хурхун гьаризе ракIалда руго цIиял хIалтIаби. Республикаялда цебе лъун буго гьеб суал, дида ккола республикаялъул бетIер, нилъер ракьцояв Рамазан ХIажимурадовичасги цIикIун кIвар кьезе бугин гьелде, гъол церехун рехсарал хIалтIабиги гIемерисеб гьесие гIоло, гьесул жигаралда гьарурал руго. Дида кколаро гьеб ток гьанжеги къаси къалеб бугин. Ток тIагIиналъе гIиллабиги гIемерал руго, херал хIубалги кваралги. Гьеб гуреб гьаниб районалда жаниб гIемер цIаял кколел руго ахираб заманалда гьебго гIиллаялъ, токалъул алаталги гIемерлъун, херал квараз гьебги хIехьоларого. Нижеца республикаялда цебе лъезе ракIалда буго цIияб проект, Мулълукь подстанция лъезе 35000 ВТ къуват бугеб. Хьул буго гьелъие кколеб кIвар кьелин республикаялъ. Гьеб суал рагIалде бахъиналда тIад жигаралда хIалтIизе ракIалда буго. ЦIакъго лъикI букIинаан гьеб рагIалде бахъани, нилъерго гIадамазе хIалтIизе бакIалги рукIинаан.

**— Нилъер районалъул гIемерисеб халкъ буго хъутабазда гIумру гьабулеб, гьезул гIарз буго районалъул нух малъулез цIакъго дагьаб гурони кIвар кьолеб гьечIин жидее. Дудагоги рагIун батила гьеб. Кинал ругел гьенир тIоцересел масъалаби ва кинал суалал районалъул нухмалъиялда тIуразе кIолел?**

— БитIараб бицани, жакъасеб къоялъ цIакъго захIматаб ва хIалуцараб хIал буго хъутабазда. Бокьараб суал тIубазе магIарухъ гIадин бигьаяб гьечIо гьениб, щайгурелъул хъутабазул гьечIо жидерго статус абураб жо. Гьеб масъала цохIо нилъер районалъе хасияб масъала гуро, гьеб буго республикаялда роцIцIине кколеб жо. ГьабсагIаталда районалъул нухмалъиялда гьабизе кIолеб жо буго гьенир социалиял шартIал чIезари.

Больницаял, школал, нухал, газ, ток ва гьеб гурел цогидал суалал роцIцIине кколел руго бакIалъулал районазул нухмалъулезгун дандбан, гьезулгун гьоркьорлъаби щула гьарун.

Руго роцIаралги жеги роцIизе ккаралги суалал. Кин бугониги абизе бегьиларо гьезул гIумру цIакъго хашаб бугин, гьенир киса-кирего руго лъикIал школабиги, бищунго цIикIараб къадар ясли-ахазулги, лъикIаб больницаги . РакIалда Джурмут росулъ цIияб больница базе. Ток мугIрузул росабалъ бугелалдаса гIемереб лъикIаб буго. Цойги нижеца республикаялда цебе лъезе ракIалда буго Качалай- Туршунай нух гьабиялъул суал. Гьеб суал роцIцIиналдаги хьул буго. ГIемерал ресал руго гIадамазул жидецаго жидер гIумруяшав лъикIлъизабизе. Кинха абилеб гьанже гьездехун кIвар кьей дагьаб бугин? Районалдаса рикIкIад рукIин буго аслияб масъала, гьеб гьанже къокъаб заманалда роцIцIунеб суал гуро, гьелда тIад гIемер хIалтIизе ккола. Районалъул нухмалъулез бажараб хIалтIи гьабулеб буго.

**— Киназдаго лъала республикаялъул бетIер Рамазан ХIажимурадович дур имгIал вукIин, гьеб жоялъ дуе кумекищ гьабулеб хIалтIулъ яги квал-квалищ бугеб цIикIун жавабчилъи букIун?**

— ТIоцебесеб иргаялда цIикIун жавабчилъи буго халкъалда цебе ва гьесда жинадго цебе. Бигьаго букIунаро гьев разияб хIалалъ хIалтIизе. Амма квал-квал бугиланги кин абилеб, кумек бугилан абичIого. Дица тIадехун абухъе, райадминистрациялъ гьаризе кIварал ва гьаризе ракIалда ругел гIемерисел ишал руго гьесул кумекалдалъун ва хадубккун кумек гьабизе букIиналда хьулгун гьарурал.

Бокьараб мехалъ нилъер районалъул суалалъ президентасухъе рагьараб нух буго хъван, гьелдаса кIудияб кумек щиб букIинеб хIалтIулъ. Бокьарав чияс бажарарабгIан кIвар кьезе ккола жиндир хIалтIуе, батIалъи гьечIо дур имгIал, вац, росуцоев щив чи президентлъун вугониги. Гьеб рахъалъ дун цо батIияб шартIазда вугилан абизе бегьуларо.

**— Цойги Рамазан ХIажимурадовичасул тIадкъай буго республикаялда батIи-батIияв бакIазул нухмалъулезда, халкъалъулгун рагьараб бухьен чIезаби. КигIанха мун районалъул халкъалда цеве ра-**

*Ахир 2 аб. гьум.*

ГАРА-ЧIВАРИ

# Ражаб Ражабов: «Дун хIадур вуго рагьун кIалъазе»

*Байбихьи 1 аб. гьум.*

**гьун кIалъазе хIадур вугев ва кин халкъалъухъе щвезаризе къасд бугеб районалъул цIиял тIадкъаялги, гьаризехъин ругел цIиял хIалтIабиги, хIукмуялги?**

— Гьалеха гьаб лъагIалида жаниб гIезегIан батIи-батIиял бакIазде росабалъе щвана, хъутаналде ана, жиб-жиб росулъе щвечIониги, батIи-батIиял росабазул администрациялде щвана, гьабуна халкъалъулгун рагьараб калам, гIунгутIаби гьоркьор лъуна, лъикIал рахъазул бицана ва ният буго жеги гIеме-гIемер бакIазде щвезе, Аллагьасул къотIи батIияб батичIони. Халкъалъухъе районалъул нухмалъулез гьарулел хIалтIаби щвезариялъул батIиял къагIидаби ургъун гьечIо, гьел хIажатги гьечIо. Бокьарав районцоясул рес буго жиндир масъалагун районалде рачIине ва нухмалъулезда цере масъалаби лъезе.

**— Кинаб бугеб районалъул халкъалъулгун дур цоцаздехун бугеб бер балагьи? Бугищ гьабулеб хIалтIуе гьелдаса кумек ва кинабгIаги кIвар кьолищ дуца гьелъие?**

— Кьола, щай кьолареб? Нилъер районалда дица цебе абухъего руго цIакъ бичIчIгин гIакълу бугел гIадамал. ХIалтIуе кIиго нухалъ цIикIун гьира букIуна дуца гьабуралъе битIараб къимат кьолеб мехалда. Чамалиго батIияб росулъеги щвана ва киназго адаб-хIурматалда къабулги гьавуна, жидеего рекIекъабги захIматабги суалги цIехана. Гьединал рокьула дие гIадамалги, гIадамазеги рокьула жидедехун рагьараб къагIидаялъ кIалъалел чагIиги.

**Гара-чIвари гьабуна АБАКАРОВ Расулица**

САПАРАЛДАСА ХЪВАЙ-ХЪВАГIАЯЛ

# СикIар школалде сапаралдасан

**Дица 25-абилеб марталда сапар бухьана СикIар гьоркьохъеб школалде. Аслияб мурад букIана спорталъул хIалтIи кин гIуцIун бугебали хал гьабизе ва гьединго гьеб школалда хIалтIулев ДЮСШаялъул волейболалъул тренерасул хIалтIул хал гьабизе.**

Школалда жанир щвелелдего рихьана кроссалъул хIадурлъи гьабулел лъимал-гун ясалги, волейбол хIалел командабиги. Жанив щварабго бичIчIана гьеб школалъе нухмалъи хIалбихьи бугев чияс гьабулеб букIин. ХIухьбахъиялъе къватIире риччарал цIалдохъаби щвана хъахIал маккал гIадин школалъул формаги ретIарал. Гьеб школалъе нухмалъи гьабулев АхIмад Башировичас школалде юкъарухъанги ахIун киналго лъималазул ва ясазул росенги гьабун бухъизе гьабула киналго школалъул цIалдохъабазе форма. АхIмад вуго гIемерго нухмалъиялъе хIал бихьи бугев школалъул директор. Гьесул цIикIараб тIалабчилъи букIуна цIалдохъабазулги мугIалимзабазулги, гьединго гьес тIалаб гьабула лъимала-зе щулияб лъай кьеялъулги. ЧIванкъотIарал масъалаби лъола мугIалимзабазда цереги. ЛъикIго гIуцIун буго школалда жанисебги къватIисебги хIалтIи. Спорталъул рахъалъги кинабго кколеб къагIидаялъ буго, чIезарун ругоан ГТОялъул (Готов к труду и обороне) нормативалги. Къокъго бицани школалда кинабго лъикIго гIуцIун буго. Ниж нахъ руссулаго нижеда тIаде щвана 5-6го ригь арал гIадамал, гьез гьарана АхIмадие ЛъаратIа газеталдасан улбузул рахъалдаса баркала кьеян. Гьеб гьариялъ бихьизабулеб буго школалда улбузулгун бухьен лъикI гIуцIун букIин. Биччанте СикIар школалъ жеги лъикIал хIасилал кьезе.

**ЧАКЪАЛОВ**

ДАНДЕЛЪИ

# Аскарият, нухал, кьоял ва ЕГЭ

*Районалъул администрациялда иргадулаб данделъи тIобитIана*



**Къоло щуабилеб марталда ЛъаратIа районалъул администрациялъул кIалгIаялъуб тIобитIана иргадулаб данделъи. РакIарана районалъул отделазул бутIрул, росабазул администрациялъул бутIрул, батIи-батIиял районалъул хIакимзаби ва гь ц.**

Районалъул бетIер МухIамад ГIалиханов гьечIого данделъи бачунеб букIана районалъул администрациялъул бетIер Ражабов Ражабица. ТIоцебесеб иргаялда гьес баркана киназдаго тIаде щвараб их ва ихдалил байрамал.

РагIи кьун цеве вахъизавуна ЛъаратIа бугеб рагъулаб заставаялъул начальникасул вазир Алексей Васильевич Усанов абурав чи. Гьес къокъ гьабун бицун тана пачалихъияб гIурхъи цIуниялъул, жидеда тIадал ишазул. Аслияб масъала бугила ЛъаратIа жанире лъугьунаго нухда батулеб посталда сверухъ ахIвал-хIал. Пачалихъалъул бугила гьединаб амру, паспорт гьечIого жаниве чи виччагейин. Нилъер районалъул рукIа, цоги районалъул рукIа, батIалъи гьечIила, документ гьечIого пачалихъияб гIорхъода бугеб районалде гIадамал риччазе жидер ихтияр гьечIила. Гьеб жо сабаблъун гIадамазулгун питнаги кколила. Гьарула нужехъе рачIунел цоги районалдаса рукIа, шагьаралдаса рукIа гIадамазда паспортал цадахъ росизе кколин лъазабейила. Цоги суал, районалда жанир цоцахъе хьвадизе квал-квал букIунгутIизе, гьеб пост гъоба Албаниялде бахъизе бугила, амма мухIканго лъалеб гьечIила кида гьеб бахъилебин.

Заседаниялда гьединго гьоркьоб лъуна Мазада росдал администрациялда социалияб рахъ цебетIеялъул суал. РагIигун цеве вахъана рехсараб администрациялъул бетIер Дибиров Рашид. Гьес бицана кинаб ахIвал-хIал бугеб жидер администрациялъул росабалъ ва тIоцебесеб иргаялда сундуе жидеца цIикIун кIвар кьун бугебали, гьебги бугила токалъул ва нухазул суал. Нухал гьарулеб идараялъул кумекалдалъун гIатIи цIан цIи сверанин Мазада росдадаса бахъараб, кIудияб кьоде щвезегIан нух ва цоги росабазда гьоркьоб нух.

Токалъул суал абизе бегьула лъикIаб бугилан, амма цо-цо росабазул бутIрузда дун вичIчIиларо гьаб сагIаталъ абун махсара гьабуна Рашидица. Жидеца кIвараб хIаракатги бахъун хисун рукIанин токалъул хIубалги. Гьел гурел гIемерал гьарурал хIалтIабазул бицана гьес ва ракIалде щвезаруна жив щвелалде цеве вукIарав бетIерас гьарурал хIалтIабиги.

ГьабсагIаталъ гьарулел ругила жидерго росабазда гьоркьор батIи-батIиял къецалги, хIаялги, ихдалил байрамалги. Гьедин Рашидица лъугIизабуна жиндирго кIалъай.

Гьоркьоб лъуна районалда ЕГЭ тIобитIиялъул суалги. Кин гьеб кьезе бугеб исанасеб соналъ? Гьелъул хIакъакъалъулъ бицана Мустафаев ИсмагIилица.

ИсмагIилица гIодор чIаразе саламги кьун, культураялъул сонги баркун, сон гуреб гьелъул къоги баркун кIалъазе жувана. Исана ЕГЭ кьезе бугила районалда жаниб кIиго бакIалда, Мулърукьги ЛъаратIаги. Цере рукIинчIел цIиял шартIазда: киса-кирего камераялги рекъезарун, кьварараб халкквеялда. Исана районалда жаниб ЕГЭ кезе буго 169 чияс. Гьезие нух малъизе ЛъаратIа участокалда вугила 28 организатор ва цо руководитель, Мулълукь 18 организаторги цо руководительги.

Цебе гIадин кумек гьабизе данде кколеб гьечIила цIалдохъабазе гьанже, гьеб цо рахъаса лъикI буго, щайгурелъул тIасарищарал, лъай бугел цIалдохъаби гурони цере ине гьечIо. Москваялдаса рачIарал инспектораз хал кквезе бугила гьанже кинабго жоялъул. Гьанже лъималазул къисмат жидерги, эбелинсулги, мугIалимзабазулги кодоб бугила.

Халкквелаха кинаб къагIидаялъ экзаменал кьезе ругелали.

Гьедин лъугIизе тана гьаб моцIалда гьабураб данделъи.

**Расул АБАКАРОВ**

# СООБЩЕНИЕ

**Управление социальной защиты населения в муниципальном образовании «Тляратинский район» сообщает о возможности направления на курс реабилитации в РРЦ «Надежда» пациентов с патологией нервной системы: детей (с ДЦП, последствиями травм центральной и периферической нервной системы, акушерскими парезами, аутизмом, синдромом Дауна) с одним из родителей или лицом, его замещающим.**

Противопоказаниями для направления в Центр являются:

· все заболевания в острой стадии и хронические в стадии декомпенсации;
· психиатрические заболевания и психопатические состояния, наркомания, алкоголизм;
· онкологические заболевания и подозрение на них;
· эпилепсия (в случае медикаментозной ремиссии не менее года вопрос о госпитализации решается индивидуально при очной консультации);
· инфекционные заболевания (острые и хронические), бактерионосительство;
· аутоиммунные заболевания, аллергические состояния в период обострения;
· глубокая задержка психического развития;
· беременность (все сроки);
· лихорадка и кахексия неясного генеза;
· нарушения ритма сердца;
· иные тяжелые состояния, требующие лечения в специализированных учреждениях здравоохранения.

**Перечень документов, необходимых для поступления в РРЦ «Надежда»**

1. Направление органа социальной защиты населения с указанием о среднедушевом доходе ниже прожиточного минимума
2. Заявление.
3. Документ, удостоверяющий личность (свидетельство о рождении, паспорт).
4. Заключение лечебно-профилактического учреждения о состоянии здоровья, требуемых медико-реабилитационных мероприятиях и отсутствии медицинских противопоказаний к зачислению.
5. Справка об инвалидности.
6. Индивидуальная программа реабилитации инвалида, выданная учреждением государственной службы медико-социальной экспертизы.
7. Анализы:
   a. Общие анализы - крови, мочи
   b. кровь на Rw, Вич (старше 15 лет)
   c. Кал - на я/глист, дизгруппу Ф-30 (с мая по сентябрь)
   d. Мазок на дифтерию из зева и носа
8. Справка от дерматолога.
9. Справка от участкового врача об эпидокружении.
10. Флюорография для лиц старше 12 лет.
11. Справка о прививках (детям).

**Для сопровождающего лица:**

1. Флюорография.
2. Анализ кала на дизгруппу, Ф-30 (с мая по сентябрь).
3. Мазок на дифтерию из зева и носа.
4. Копия паспорта.
5. Для занятий в бассейне справка от дерматолога (и гинеколога для женщин).
6. кровь на Rw, Вич.
7. Справка об эпидокружении.

УНГЕ, ЛЕ, ЦIОРАЛДЕ!

# ЦЕРЕХЪАБАЗУЛ КУЧIДУЛ




## ХАРАЧIИСА РЕКЪАВ РАЖБАДИН

ГодикIанир рукIун, ЦIоралъул бицун,
ЦIороре щвечIого, давлаги бикьун,
ЧIалгIун руго дида гьал гIолохъаби,
Рихун руго дида росдал бахIарзал!
КIалцIуца цулъарал багIарал чуял,
ЦIоралде балагьун, хIихIилел руго.
Азнавурзабада ругьунал хулчби,
Лъалинирго хутIун, пашманго руго.
Рахъа, гIолохъаби, доре Гъолоде,
ХьахIилаб Алазан[1] багIар гьабизе.
КъачIай, гьудулзаби, Нахъа ЦIоралде,
Капураб Гуржистан бида белъине,
ЦIоралъул мусудул гIарцухъ хисизе!
Хъван кагъат анила доб НахъбакIалде[2],
Рузманалда нахъа рахъайин абун.
Чи витIун анила гъове Хьиндаде[3],
ЦIараб болжалалде камугейинан.
Жал лъикIал бахIарзал дол нахъбакIаца,
Хъат кьабун, кьолона бидаял чуял.
РекIелъ чаран бугел гъол хьиндалаца,
Чергесаб логода ярагъ борчана.
Мажгиталда цебе къотIиги гьабун,
Къебелъухъе лъугьун, гуллабиги тIун,
ТIад салават хъвараб мисриги борчун[4],
Роц хьахIилаб хъирим хъатикьеги кьан,
Я капурлъи гъурун, я гъаза тIубан,
Цояб гьабичIого вуссинарилан,
Ражбадин къокъана Нахъа ЦIоралде[5].
Бисмиллагьи абун, чоде вахиндал,
ХIурулгIинзабаца хIотIочIел ккурав,
Салаватги битIун, чода цIал бадал,
Сверухъел росаби хадур рахъарав,
Кьеги дуе талихI, Рекъав багьадур!
Алазанги къотIун, Къарбиги бахун,
Коралъул рагIалде жал щвараб мехалъ,
Цо гьари гьабуна Ражбадиница:
Аваргазабазул заманаялда
Зирарие гIадаб талихI кьейинан!
Беччун жа гьекъолел жал капурзаби,
Гуллий хъван ратаги, я Расулаллагь.
Болъонил гьан кунел хIамул гуржиял,
Хвалчай насиблъаги, къудратав Аллагь!
Нижер квер щваралъуб магIу бахъана,
Нижер хIетI чIаралъуб цIа тIибитIана.
Квер-бер берцин бихьун, ясал рачана,
Кьер-мухъ бацIцIад бихьун, васал ккоккана.
Туплисалда нахъа хъузхъулги гъурун,
ЦIоралда цIар арай эзул меседу,
ЦIор бакьулъе кIанцIун, эйги ячана.
Камилаб давлагун жал рачIинаго,
БагIараб гохIги[6] тун, Ширакги къотIун,
Алазан рагIалде щолел рукIаго,
Аллагь, мун бухIаяб, нух ккун батана!
Нух ккунму ратана хIамул гуржиял,
Цере-цере руго азнавурзаби,
ГьерекIли ханасул байрахъ бихьула,
Байрахъ сверун руго тушгунмо[7] мосок[8].
– Нижее нух биччай, хIамул гуржиял,
Ниж эбел-инсуе цо-цойин ругел.
Рила нуж цереса, азнавурзаби,
Рачарал лъудбузе ниж хириялин!
– Нуж эбел-инсуе цого ратани,
Хвалчаца кIикъотIун, кIи-кIи гьарила,
Рачарал лъудбузе хирияллъидал,
Лугби гьанир тела, бутIрул ритIила!
АхIдезе лъугьана мацI лъалев хъазахъ[9]:
– Нуж, цодагьал чагIи, щиб бакIалдаса,
Къокъадул цевехъан щиб мухъалдаса?
– Ниж цодагьал чагIи хьиндгун нахъбакIал,
Къокъадул цевехъан Рекъав Ражбадин.
– Ракьулъе лъугьине нуж гIункIкIал гурин,
Гьанже кир лъугьинел нуж, магIарулал?
Зодихъе роржине хIанчIалги гурин,
Гьанже кив воржинев, бодул цевехъан?
– Ракьулъе лъугьине гIункIкIал гурелдай
Кьабун чучуларел чаран хвалчаби?
Зодихъе роржине хIанчIал гурелдай,
РечIчIун гIуж толарел дурусал хъирмал?
Дагьав цевегIан къай, чIваяв ГьерекIли,
ЧIалгIаде гуллил хIал лъазе бокьани.
Чанги къо хIехьараб Ражбадиница,
Жакъаги хIехьелеб, бичас биччани.
Гьари гьабуниги нилъ риччаларо,
ТIагърал рахъаниги, тIоритIиларо,
Жакъайинмо лъалев, лъияв бахIарчи,
Жакъа хварасулни цIар хвеларибин.
Гьа, гьа, гIолохъаби, жея, бахIарзал,
Хонжроца гIуру ссун, сангаралги къай,
Сангар гIечIелъубе хъвехъун чуял рай,
Вакъун, хIал бергьарас чол гьанги кванай,
Къечон, хIал бергьарас чол биги гьекъей,
Ругънал хIал бергьарав сонгроеги лъе,
Гьоркь буртаби тIаме, тIаде херги бай,
ГIемерги къвагьуге, ишан ккун речIчIе,
Жакъа чучарасда чурун кIаз къаги,
Чучун кьабурасул йокьулей хваги.
Къвагье, гIолохъаби, халатал хъирмал,
Хьирмазул кIалада кIкIуй бетизегIан.
Кьабе, гьудулзаби, чаран хвалчаби,
Хвалчаби кIирекун, гIоркь хутIизегIан!
Кьвагь-кьвагьаралъул речIчIиги лъайдал,
Кьабу-кьабуралъул кьаби бихьидал,
АхIдезе лъугьана хIама ГьерекIли:
– ВачIа ле, Ражбадин, рекъел гьабизин,
ГIарац бокьанани, сахIица кьела,
Месед бокьанани, хъатица кьела,
Ясал рокьанани, мусудул кьела,
Васал рокьанани, нуцаби кьела.
– Дуца дие кьолеб гIарацгун месед –
Хведал дие кьолеб пирдавус алжан.
Дуца дие кьолел ясалгун васал –
Хведал дие кьолел хIурулгIинзаби!
Нижерги нижерги цоцазул рекъел –
Цоцада кьабулел халатал хулчби,
Умумулъ батараб цоцалъ гьуинлъи –
Цоцае хисулел тIухьидул гулби.
А мун, гьитIинав вац, дове Гъолоде,
Гьикъариян абе, саламан абе.
Сверун хъузхъуца ккун ниж танин бице,
Метер къадиялде тIаде щвайинан,
Къади нахъеялде камугейинан.
Гулла-хер тIагIанин, хулчби реканин,
ХIал гьабула бугин гьудулзабада.
ГьерекIли ханасул байрахъ бихьидал,
Куркьби данде къараб къвекIаб цIум гIадин,
Гьорлъе вил'ун[10] ана КIатIихъа[11] ШагIман.
ХIамул гуржиязул гури бихьидал,
ГIиял къаябаде бацIал гIадинан,
Гьорлъе рортун ана гьал гъолодисел!
Хасалихъе тIамах гьороца гIадин,
Хьамуна гуржилъи тIаса гIодобе.
БацIцIадабго гIарцул ГьерекIлил байрахъ
Чол малакь мерхьана магIарулаца!
МугIруда тIупулеб накIкIго жо гуро,
ЧIана кIкIуйдул пача тIад Ширакалда.
Ихдаде чваххулеб цIадго гьереси,
Ана бидул лъарал Алазаналде.
Туплисалде гIунтIун хвалченги кьабун,
ХьахIилаб Алазан багIарги гьабун,
ЦIоралъул мусудул гIарцухъги хисун,
Нахъруссун рачIана гьал гIолохъаби.
Гьединал гьареги эбелалъ васал!

1 Алазан – Гуржистаналда бугеб лъар.
2 НахъбакI – гьанжесеб Казбек районалъул ракь. Гьелда гьединго «Салатавияйиланги» абула.
3 Хьинд, Хьиндалъи – гьедин магIарулаз абула гIурул рагIалда ругел хинал бакIазда.
4 «ТIад салават хъвараб мисриги борчун…» – «Аллагьума ссали гIала саййидина МухIамад ва гIала али МухIамад» абурал рагIаби тIад хъвараб мисри хвалчен.
5 Нахъа ЦIор – Алазан гIурул жаниблъи (гьелда Жаниб ЦIорилан абулаан) тун нахъехун ругел гуржиязул, эрмиениязул ва азарбижаназаул ракьал.
6 БагIараб гохI – Кор ва Къарби гIоразул гьоркьоб бугеб бакъуца бухIараб авлахъ (гIурус. – Караязы).
7 Туш – Дагъистаналъул гIорхъода гIумру гьабулеб бугеб гуржиязул цо къавм.
8 МосокI – тIадехун баян кьун буго.
9 Хъизихъ (Гуржистаналъул ДедоплисцIкъаро ва Сагънагъ районазул) вилаяталъул гIадамазда магIарулаз абулаан хъазахъал. Хадуб гьеб цIар киналго гуржиязда бухьизабун буго.
10 Вил'ун (диал.) – вилун.
11 КIатIихъ – ЦIоралда Билкан районалъул кIудияб магIарул росу.

ЩИВГО КIОЧОН ГЬЕЧIО, ЩИБГО КIОЧОН ГЬЕЧIО

# Мун хваразулъ гьечIо, мун чIаго вуго...

**Халкъалда гьоркьосеб налъи тIубазе Советияб армия Афганистаналдаса аралдаса къоло щуго сон тIубалде. Интернационалияб налъи тIубузабизе Афганистаналде арав ва «БагIараб цIва» орденалъе мустахIикълъарав, Гьиндиб росулъа МУХIАМАДГIАЛИЕВ МУХIАМАДГIАЛИДЕ.**

Цо ихдалил къоялъ Гьиндиб росулъа,
Сапаралъ вахъана мугIрул гIолилав.
ГIагарлъиялъ, росдад нухдаги регIун,
Армиялде налъи тIубазабизе.

АнцI-анцI миллаталъул васалгун цадахъ,
Щвана Кабулалде Афганазухъе.
Гьелъул гьава-бакьги ва тIабигIатги,
РекIее бокьана магIаруласе.

Рорхатал мугIрузда ругьунав гьесий,
Афганазул доба бигьа букIана.
Лебалав, тирияв бугьундил васас,
Саперасул хъулухъ тIаса бищана.

Тушманас рахчарал минал хвезарун,
Гьес нух бахъулаан рагъухъабазе.
Гьедин ракI бацIадаб хъулухъги гьабун,
ЛъагIел ун букIана МухIамадгIалил.

Часталъул рахъалъан баркалаялъул,
Кагътал рачIунаан эбел-инсухъе.
ТIабигIат берцинаб, тIегь-хер бижараб,
Бакъалъ щобал, хьитIал къалъизарураб.

Цо рагъулаб тIадкъай тIубалеб къоялъ,
Тушманасул мина къвагьараб мехалъ,
Гьев хвелгун къеркьолеб доб лахIзаталда,
Берзул канлъи ссунеб заманаялда,
Рорхатал мугIрузгун, гьваридал кIкIалаз,
Гьабунин пашманлъи мун камиялъе.

МагIарулав хванин хабар рагIидал,
МагIу тIун гIодана гIурус васалги.
Гьев гьоркьоса ками захIмат букIана,
Часталъул тIолалго рагъухъабазе.

Гьезий гьев вукIана гьалмагълъун вацлъун,
Рагъул майданалда дарслъун, мисаллъун.
Чан хивал букIараб, анищ букIараб,
ЧIвана гIолохъанго, гIасияб рагъда.

Васасул жаназа росулъе щвейгун,
БахIарчилъиялда кIалъана эмен.
ГIолев вугин жиндир жеги кIиго вас,
ВатIаналъе гIоло, халкъалъе гIоло.

Сабурай эбелалъ гьеніб абуна
Нусазар баркала дир рахъалъ гьесий,
Гьев цохIо дир гуро партиялъ, халкъалъ,
Малъанин, куцанин, гIезе гьавунин.

Дирго чохьол лъимер хабалъ лъуниги,
«БагIараб цIва» буго цIунила васлъун.
Совет армиялда цадахъ букIараб,
Гьудул-гьалмагълъиги щвана Гьиндире.

Гьез рекIелъ чIухIигун ва хIасраталда,
ГIагарлъуй бицана дур бахIарчилъи.
ГIадан хвани нахъе тола кIиги жо,
Турун хвезе боцIи ва холареб цIар.

Дуца нахъе течIо хвезелъун боцIи,
Тана хвелго гьечIеб дур даимаб цIар.
БахIарзазул цIарал цIалулеб мехалъ,
Дургоги бицина магIарулаца.

КIваричIо мугIрул цIум,
лъунин мун къаникь,
Къиямасеб къоялъ дандилъилин нилъ.
Эбелаб ВатIангун вацлъиялъулал,
Улкабиги цIунун къаникье арал,

Гьел хваразулъ гьечIо, гьел чIаго руго,
Кидаго халкъалъул рекIелъ рукIина.

**Насрулагь-хIажи МУХIАМАДОВ,**
**Хадиял росу**

СПОРТ

# Болъихъе сапаралдасан

*Воллейболалъул хIакъалъулъ цо чанго пикру*




**30-го соналда жаниб нилъер районалъул цIалдохъабазул волейболалъул команда тIоцебе къватIибе бахъана Болъихъ тIоритIулел бакIалъул къецазде. Дида ракIчIун лъала исанаги Дагъистаналъул волейболалъул федерациялъул президент Абдулатипов Ражаб вукIинчIевани, нилъ исанаги кирего инароан, гьесул ахIиялдалъун нилъеца гIахьаллъи гьабуна.**

Дида лъалаан нилъ бергьунареллъи, амма цIалдохъабазе гIахьаллъи гьабизе щвей гьеб кIудияб иш буго хаду-хадусала лъазе букIина кин волейбол хIазе ккколебали. Нилъер команда ккана кIиабилеб группаялда жаниб, тIоцебесеб дандчIвай букIана Унсоколо командаялда данде, гьенир нилъ бергьана, хадусеб ирградулаб дандчIвай букIана Гъуниб районалъул командагун. Гьеб дандчIваялда нилъ къуна. Гьенир къецал унел рукIана олимпиадаялъул къагIидаялда рекъон, ай къурал нахъе ине ккола. Дун вохарав вуго кIиабилеб кругалде хIазе нилъ рорчIиналъухъги. I6-го спортивиял залал ругел балъхъал тIоцебесеб кругалдаго къуна.

КъечIого бергьунев чи вукIунаро, амма дий бокьун буго бицине волейболалъул тренеразда, волейбол лъаларев чи нахъе ине ккола, цебеккунго гIарзаги хъван. Гьанибго абичIого гIеларо, школалда волейбол малъулел физруказулги цIакъго хъашаб буго волейболалъул малъи. ТIуралел гьечIо волейболалъул нормативал.

Школа тун къватIисеб хIалтIи тIубанго квеш буго, гьечIо классазда гьоркьор тIоритIулел къецал, гьечIо цогидал данд чIваял школазда гьоркьор. Щай физвоспитаниялъул жаваб кьолев инспектор вуцIун чIун вугев, ккарасда ккараб бицинчIого? Дица дирго пикру хъвалеб буго, къваригIун буго спорт щиб жо лъалел гIадамалги данде гьарун, гьезул комиссиялъ физрукал ва тренерал тIаса рищизе. Гьале церехун рехсарал шартIал тIоритIичIого нилъер волейбол цебе тIоларо. Дун тIолгороссиялъул судьяязул коллегиялъул нухмалъулевгун кIалъана, дица тIалаб гьаруна цIиял судалъул правилаби ва гьел щибаб школалде кьун руго. Гьел правилабиги цIунун малъизе ккола 7-абилеб классалдаса нахъе, гьеб мехалъ букIина бацIцIадаб волейбол ва гьениб кинабго баян гьабун буго. 1998-абилеб соналда гьарурал кIиго ученик ватизе кIвечIо Мазада СОШалда, гьединабго хъашаб хIал буго Кутлаб СОШалдаги.

Тренерлъун хIалтIизе ккола спорт лъалев ва спорталъулъ гIурав чи. ЦIалул соналъул ахиралда киналго волейболалъул тренеразул аттестация букIине буго. Гьелдеги киналго планалгун хIадурун рукIине ккола

ЧАКЪАЛОВ

# Кутлаб волейболалъул турнир

**Марталъул къоабилеб къоялъ нижеца сапар бухъана Кутлаб росулъе. Гьенир тIоритIулел рукIана районалда жанисел волейболалъул рахъалъ къецал. Гьениб гIахьаллъи гьабуна Къардиб, Хадиял, ЛъаратIа ва жибго Кутлаб росдал командабаз.**

ТIоцебесеб данд чIвай ккана ЛъаратIа ва Къардиб командабазда гьоркьоб. ХIалуцараб къеркьеялда тIоцебесеб партияги къун бергьана Къардисезул команда, кутакаб интерес букIана сверухъ ругезеги. КIиабилеб дандчIваялдаги букIана добго хIал хадиялсезул командаялъ босана тIоцебесеб партия, амма къуна хадусеб кIигояб. Гьединал хIасилазда цере ана Къардиб ва Кутлаб команда ва гьез гIахьаллъи гьабизе буго маялда ЛъаратIа росулъ гьелго къецазда. Гьединго гьеб къоялъ волейбол лъугIун хадуб районалъул нухмалъулез баркана Кутлаб росдал жамагIаталда тIаде щвараб ихги ва районалъул культуралъул хIалтIухъабаз гьитIинабго ихтилат кепалда лъугIизабуна гьеб данделъи. Баркала Кутлаб росдал жамагIаталъе берцинаб ва хIурматаб къагIидаялъ ниж къабул гьаруралъухъ.

**Нижер мухбир**

**НИЛЪЕР ТIАБИГIАТ**




# ПРОТОКОЛ
## публичных слушаний по проекту устава муниципального образования МО «Тляратинский район»

*03.2014 .12г.* *с.Тлярата*

Председатель комиссии Абдулаев А. С.
Секретарь Магомедалиев М. Р.

Присутствовало – 123 человека

С докладом выступил заместитель председателя Собрания депутатов района Абдулаев А. С. Он отметил, что в связи с необходимостью приведения устава в соответствие с федеральным и региональным законодательством разработан проект устава, который принят решением Собрания депутатов района 05.10.2013г., и опубликован в газете «Тлярата» для внесения предложения по проекту устава.

На публичных слушаниях вы имеете право и возможность, как и ранее, представить свои предложения и замечания относительно проекта устава. Всем жителям муниципального образования была предоставлена возможность, внести свои предложения и замечания по проекту устава в комиссию Собрания депутатов района в течение 15 дней. Однако никаких предложений и замечаний по проекту устава не поступило.

Выступили:

**1.Абакаров Х.М. предложил одобрить проект Устава так, как он охватывает все вопросы, касающиеся деятельности МО «Тляратинский район»**

**2. Магомедалиев М. Р. поддержал предложение об одобрении проекта устава и предложил проголосовать, чтобы определить мнение присутствующих относительно проекта устава.**

**По результатам голосования определено, что все единогласно одобряют проект устава.**

**Обсудив доклад заместителя председателя Собрания депутатов и заслушав поступившие предложения участники публичных слушаний по проекту устава,**

**РЕШИЛИ:**

**Одобрить предложенный проект устава муниципального образования «Тляратинский район»**

**Председатель комиссии АБДУЛАЕВ А. С.**
**Секретарь МАГОМЕДАЛИЕВ М .Р.**

# ЗАКЛЮЧЕНИЕ
## о результатах публичных слушаний по проекту устава муниципального образования «Тляратинский район»

*24.03.2014г.* *с.Тлярата*

Публичные слушания назначены решением Собрания депутатов МО «Тляратинский район» от «14» 02. 2014 года №3.

**Тема публичных слушаний:** обсуждение проекта устава муниципального образования МО «Тляратинский район».

**Инициаторы публичных слушаний:** Собрание депутатов МО «Тляратинский район».

**Количество участников:** 138.

В результате обсуждения проекта устава муниципального образования «Тляратинский район» единогласно всеми участниками публичных слушаний принято решение:

1. Одобрить проект устава муниципального образования «Тляратинский район»

2. Рекомендовать Собранию депутатов принять Устав муниципального образования «Тляратинский район».

**Председательствующий АБДУЛАЕВ А. С.**
**Секретарь МАГОМЕДАЛИЕВ М.Р.**

**Редактор** М.БисавгIалиев
**Газета гIуцIарал:**
ЛъаратIа районалъул администрация ва редакциялъул хIалтIухъабазул коллектив.

Газеталъул регистрация гьабуна печаталъул ва информациялъул эркенлъи цIуниялъул республикаялъул инспекциялъ Рег. № 0106

Материалалда рихьизарурал хIужаби ритIарал рукIиналъул жавабчилъи тIаде кколев авторасулгун редакциялъул пикраби дандеккечIого рукIинеги бегьула.

**Адрес редакции:**
368420: Республика Дагестан
Тляратинский район,
с.Тлярата
**Тираж 800 экз. Индекс: 5I372.**

Газета отпечатана в типографии «Лотос» по адресу:
г. Махачкала, Пушкина, 6
Заказ № _______
Подписано в печать 24.03.2014